Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 15 (7859)
10 Апрель
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## Районалъул БетIерлъун цIидасан вищана ГI.НурмухIамадов



7 апрелалда «Унсоколо район» МОялъул активияб залалда букIана муниципалияб районалъул микьабилеб ахIиялъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб дандельи. Гьениб аслияб суал букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул бакIалде федералияб законалдаги районалъул Уставалдаги рекъон БетIер вищиялъе рагьараб гьаракь кьеялъул конкурс. Конкурсалда киназго цо гIадин муниципалияб районалъул бетIерлъун вищана НурмухIамадов ГIиса МухIамадович.

Заседаниялда РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовас хитIаб гьабуна гьабсагIаталда районалда тIуразарулел ишазда хурхун кIудияб кIвар бугин ГI. НурмухIамадовас хадубккунги тIадал ишал тIураялъул. Гьесулъ бугин ишалде жавабчилъи букIин, хIалтIи бачине махщел ва тIадегIанаб бажари. М. МухIамадовас бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас хадубккунги районалда хIалтIи тIадегIанаб махщалида ва жавабчилъигун тIубазе букIиналда божизе бегьулин.

Гьединабго маг1наялъул каламгун кIалъана районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов. Гьес депутатазул конкурсалъул рахъалдасан ГI. НурмухIамадовасда баркана цIидасан тIадегIанаб хIалтIуде гьорлъе лъугьин ва божилъи загьир гьабуна хадубккунги гьесул районалъе щвалде щвараб нухмалъи букIиналда, гIаммал мурадазе гIоло гьес жигараб хIалтIи гьабизе букIиналдаги.

Гьединго заседаниялда балагьана цогидал суалазухъги. Къабул гьабуна «Унсоколо район» МОялъул хиса-басиялгун х1адурараб Устав.

ТIадеги къабул гьаруна:

**1.** 2024 соналъе районалъул бюджет тIубазабиялъул хIисаб кьей.

**2.** «Унсоколо район» МОялъул саназде рахинчIел лъималазда гьоркьосеб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул Положение тасдикъ гьаби.

**3.** Саназде рахинчIел лъималазул ихтиярал цIуниялъе хасаб комиссия гIуцIиялъе.»

**4.** «Унсоколо район» МОялъул ЖамгIияб Палатаялъул членал тасдикъ гьари.

**5.** Муниципалияб районалъул Администрациялъул Структураялда хиса-басиял гьари гIадал хIукмабиги.

Гьедин заседаниялъул хIалтIи ана хадусеб гIумроялъе пайдаяб куцалда.

«Зарница2.0»

## Цифровияб технологиягун-хIай



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана ТIолгороссиялъул рагъулгун ВатIан бокьиялъул хIаял ругеб «Зарница2.0» штаб гIуцIиялъул хIаракат бихьизабуразул дандчIвай.

«Зарница2.0»- ккола ТIолгороссиялъул цифровияб технология хIалтIизабун, гьабулеб хIай. Гьеб ккола ТIоцересезул багъа-бачари флагманскияб проекталъул патриотикияб тарбия лъималазе кьезе бугеб проект. Гьелда гьоркьобе уна гIицIго ВатIан бокьи гуребги чи физическияб рахъалъ хIадури ва хIинкъи гьечIолъи лъималазулгун г1олилазул г1умроялъулъ куцаялъе бихьизабурал хасал рахъалги.

ХIаязда гIахьаллъизе бегьула 7 сон бараладаса I7 соналде щвезег1ан гIумро бугел, гьединго гьоркьохъеб махщалилаб лъай босулел, I8-2I саналде щвезегIан гIумро бугел, тIолабго Россиялъул регионалдаса гIадамал.

Дандельиялда къоял чIезаруна муниципалиябгун зоналияв этапазе ва бицана судязул къадаралъул.

Муниципалияб этап букIине буго «Шамильхъаялъул СОШ» МКОУялда 2025 соналъул I0 апрелалда. I-III бакIал ккурал ине руго зоналияб этапалде. Гьеб букIине буго 2025 соналъул 22 апрелалда.

Аппараталъул дандельи

## Бергьенлъиялъул къоялде-хIадурлъи



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъул дандельи. Аслияб суаллъун гьениб букIана КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъул юбилеялде хIадурлъиялъул.

Гьениб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна Бергьенлъиялъул къоялде, 9 маялде киса-кибего тIоритIизе руго субботниказде.

КIвар кьеялда гъоркь чIезарун рукIине хIисабалде росана Бергьенлъиялъул Къоялде данде кколеб берцинаб ва магIна бугеб оформление гьаби.

КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъулаб юбилей кIудияб тарихияб тадбир ккола. Гьелде гьабулеб хIадурлъи жакъа къоялдаса нахъе байбихьизе кколин бихьизабуна бетIерас. Борхана гьалбадерие квен чIезабиялъул суалги.

Гьенибго РДялъул НСалъул депутат М-ГIабдулмажидовичас кьураб предложениялда рекъон Бергьенлъиялъул къоялгун чуял риччаялъул тадбир тIобитIизе буго Майданское росулъ. Гьенибго бетIерас иш тIаде ккелезе тIадкъай кьуна гьелъие шартIал чIезариялъе.

Къокъго абуни дандельи ана ишалъулаб ахIвал-хIалалда,щибал масъалаби лъуна тIуразе кколел къоялги рихьизарун.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 15 (7859)
Хамиз 10 Апрель
2025 сон



**Поздравление**



**Уважаемый Иса Магомедович!**

Поздравляем Вас с вашим назначением на пост Главы муниципального образования «Унцукульский район»!

Искренне желаем Вам успехов в новых начинаниях и реализации всех поставленных целей. Пусть ваше упорство, решительность и способность преодолевать трудности будут надежными спутниками на этом пути. Желаем крепкого здоровья, бодрости духа и оптимизма!

Мы со своей стороны гарантируем, что сделаем все возможное для комфортного и эффективного сотрудничества. Вместе мы сможем достичь значительных результатов и сделать наш район еще лучше.

**С уважением, коллектив Администрации МО «Унцукульский район».**

ЦІа ккей - унго-унгояб балагь

# ЦІагун-бахІарчияб къеркьей



«Унсоколо район» МОялъул БетІер, КЧСалъул Председатель ГІ. НурмухІамадовас комиссиялъул иргадулаб гуреб данделъи ахІана Унсоколо росдада аскІоб цІа ккун букІиналъул, гьеб свинабиялъе ресал ралагьи мурадалда. РДялъул Россиялда бугеб 3І ПСЧялъул, ПСОялъул, ФПСалъул, ГПСалъул ва МЧСалъул нухмалъулелги гІахьал гьарун. Гьенир гІахьаллъана районалъул росдал магІищаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубов, Унсоколо районалдаса ТО ЧСалъул отделалдаса М. МухІамадовги. Гьенир гІахьаллъизе ахІун рукІана РДялъул росдал магІишаталъул комитеталъул пред. И. Рамазанов, Гъуниб рохьихъанлъиялъул нухмалъулев В. МухІамадов, гьесул зам. И. Исмаилов.

Данделъиялда балагьана цІа гІемер зарал ккечІого свинабиялъе ресал ратиялъухъ. Гьелъие ГІ. НурмухІамадовас лъазабуна: Унсоколо росулъа гьеб свинабизе жидеего бокьун унезул къадар кколин 20 чиясдасан гІуцІараб, Гъунисан вачІане вуго І0 чи, Унсоколоса ОМВДялдаса-І0 чи, 3І МЧСалдасанги-І0 чи.

3 апрелалде буго гьадинаб ахІвалхІал.

- ЦІа ккеялъул рагьарал бакІал руго 3, гьездасан свинабун буго 2 очаг, хут1ун буго цо. Гьеб буго гІадамал рахине захІматаб бакІ, хІинкъи буго рохьил рацІалиде цІа пархиялъул.

30 марталдаса 3 апрелалде щвезегІан цІакъ жанибе бач1араб бакІалъул къадар борхунеб букІана «ГІантІуни» бакІалда 3,5 га, гьелдасан рохь рекІараб бакІалъул къадар бахуна 0,7 га, хутІараб бакІ буго харибакІ.

Данделъиялъул ахиралда хІукмо къабул гьабуна: бугеб хІал лъазабиялъе гьениб халкквей чІезабизе ва ах1вал-хІалалъул рахъалъ лъазабизе районалъул БетІерасда. Гьес кІудияб баркала загьир гьабуна Гъуниб рохьил цІа ккеялдаса цІуниялъул Централъе, Унсоколо росдал жалго ун цІа свинабулезул къукъаялъе, ПСЧ №3І ва ОМВДялъулазе цІакъго захІматаб бакІалда ккараб цІа свинабиялъулъ лъураб жигараб бутІаялъухъ. Бихьизабизе ккола гьеб кколин цІакъго цІа свинабизе захІматаб бакІ, гІолохъабаз абуни тІубараб бахІарчилъи бихьизабуна гьеб ишалъулъ. Нуж унго-унгоял бахІарзал руго, ракІ-ракІалъулаб баркала, нужее!-ян абуна кІалъаялъул ахиралда ГІ. Нурмух1амадовас.



**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН**
**Собрание депутатов муниципального района**
**368950 Республика Дагестан Унцукульского район, п. Шамилькала,**
**ул. М. Дахадаева, 3, 55-62-87 Email: sobranie_mr@mail.ru**

## Решение

Об избрании Главы муниципального района «Унцукульский район»

Рассмотрев результаты конкурса по отбору кандидатур на должность Главы муниципального района «Унцукульский район», проведеного в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального образования «Унцукульский район» и на основании результатов открытого голосования по выбором Главы муниципального района, Собрание депутатов

**Решает:**

**1**.Считать избранным на должность Главы муниципального района «Унцукульский район» Республики Дагестан Нурмагомедова Исы Магомедовича.

**2**. Опубликовать настоящее решение в сетевом издании «Голос гор» Унцукульского района и разместить на официальном сайте Администрации МО «Унцукульский район».

**3**. Решение вступает в силу с момента подписания.

**Председатель Собрания М.Б.Юсупов**

Хал гьаби

# МРОТалда рекъон-харжал кьей



9 апрелалда «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул тІадкъаялда рекъон администрациялда тІобитІана ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун бук1ана МРОТалда рекъон хІалтІулев вугесе харжал кьеялъул суал. Гьеб бачана бетІерасул зам. М. ХІамзатовас.

**Аслиял суалаллъун данделъиялда рук1ана:**

-Бюджеталъул бутІаялъул хІалтІухъабазе МРОТалдаса гІодобег1анаб къадаралда хІалтІухъ мухь кьолеб бати,- абураб.

Тастикъ гьабураб графикалда рекъон данделъиялде ахІун рукІана учреждениял - организациязул нухмалъулел. ЗахІматалъул ва социалияб хьезариялъул министерствалъул 3 учреждениялъул (74 чи) гъорлъе рачарал коллективазул хІалтІухъабазул харжал МРОТалдаса гІодобег1анаб роценалда ратиялъул рахъалъ ругел баянazухъ балагьана гьениб. Гьедин гьенире ахІун рукІана МРОТалдаса гІодорег1ан харжал ратарал нухмалъулел.

**Гьел ккола:**

ГБУ РД «Унсоколо ЦРБ» (48 чи ругел), МКУ ДО «ДДТ Шамильхъала поселокалда бугеб (І5 чи), МКУ ДО «СДЮТЭ Унсоколо росулъ бугеб (ІІ чи). Гьезул щивав нухмалъулесулгун гьабуна бичІчІи кьеялъул хІалтІи.

Гьениб загьирлъана тІадехун рехсарал тІадеги лъай кьеялъул учреждениязул харжал кьей МРОТалдаса гІодобегІенаб къадаралда рукІиналъул.

Дагъистаналъул Республикаялда тІадеги лъай кьеялъул учреждениязда чІезарун руго тарифалъулал ставкаби. Унсоколо район уна 2 категориялде гьоркьобе, гьезул тарифалъулаб ставка чІезабун буго 0,5-0,75. Гьединал сиавкабаздалъун хІалтІун гьезул мухь бахунеб гьечІо МРОТалъул къадаралдецин.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 15 (7859)
Хамиз 10 Апрель
2025 г



Садовод

Страница в номере



## Особый противопожарный режим введен в Дагестане

В связи с повышением пожароопасности из-за установившейся сухой и ветреной погоды правительство Республики Дагестан объявило о введении особого противопожарного режима на территории региона. Меры вступили в силу 1 апреля, и будут действовать до особого распоряжения.



**Причины и прогнозы**

Решение об усилении мер безопасности принято на фоне прогнозов синоптиков о малом количестве осадков и аномально высоких температурах в ближайшие месяцы. Весенне-летний период в Дагестане традиционно сопряжен с риском природных пожаров, особенно в горных и лесных зонах. В 2024 году в республике зафиксировано более 50 возгораний, что привело к уничтожению десятков гектаров леса и эвакуации сотен жителей. Основные ограничения и меры

**В рамках режима запрещено:**

Разведение костров, сжигание мусора и сухой растительности на открытых территориях.

Использование пиротехники и проведение сельскохозяйственных палов. Въезд в лесные массивы на транспорте, не оборудованном искрогасителями.

Для контроля за соблюдением правил усилено патрулирование лесных и степных зон сотрудниками МЧС, Росгвардии и добровольческих формирований. Нарушителям грозят штрафы от 2 до 50 тыс. рублей для физических лиц и до 1 млн рублей для юридических лиц.

Рекомендации для населения

***Жителям рекомендовано:***

Убирать сухую траву и мусор вокруг домов.

Иметь при себе средства пожаротушения при посещении природных зон. Сохранять спокойствие и незамедлительно звонить по номерам «101» или «112» при обнаружении дыма или огня. Дополнительные меры

Власти организуют профилактические рейды, разъяснительные кампании в школах и СМИ, а также проверку систем противопожарной защиты в учреждениях образования и здравоохранения.

Особый режим будет действовать до стабилизации погодных условий, о чем население будет уведомлено дополнительно. Соблюдение правил безопасности — ключевой фактор защиты лесов и населенных пунктов Дагестана от огня.

Для ознакомления с официальным документом просим пройти по ссылке:

**С уважением, отдел НД и ПР №-4 по городу Буйнакск, Буйнакскому и Унцукульскому районам по пожарному надзору УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.**

## Корь: причины, симптомы, лечение

**Корь** – это острое заболевание, которое вызывается специфическим вирусом (вирусом кори).

Корью болеют преимущественно дети в возрасте 2—5 лет и значительно реже взрослые, не переболевшие этим заболеванием или не получившие вакцинацию.

После перенесенного заболевания развивается стойкий иммунитет, повторное заболевание человека корью, без сопутствующей патологии иммунной системы, сомнительно.

**Причины кори**

**Корь – одна из самых заразных болезней.**

Инфекция передаётся воздушно-капельным путём.

Человек, не имеющий иммунитета против кори, столкнувшись с инфекцией, практически наверняка заболеет, независимо от своего возраста. Для того чтобы заболеть, необязательно непосредственно контактировать с носителем инфекции, заразиться можно, например, зайдя в помещение, где он недавно находился. Известны случаи распространения вируса кори на значительные расстояния с потоком воздуха. Но при этом вирус малоустойчив во внешней среде; он быстро погибает вне человеческого организма от воздействия различных химических и физических факторов (облучение, кипячение, обработка дезинфицирующими средствами).



Инкубационный период кори составляет от 7-ми до 14-ти дней. Источником инфекции является больной корью в любой форме. Больной заразен для окружающих, начиная с последних дней инкубационного периода (последние 2 дня) и до 4-го дня высыпаний. С 5-го дня высыпаний больной считается незаразным.

**Симптомы кори**

Заболевание, если оно развивается в соответствии с типичной картиной, проходит три стадии: катаральную, период высыпаний и период пигментации. У детей в возрасте до года корь может протекать в стертой форме, так как в этот период у ребёнка есть пассивный иммунитет, полученный от организма матери.

**Методы лечения кори:**

Лечение при кори направлено на предотвращение осложнений, которые весьма вероятны. Корь может вести к воспалению среднего уха (отиту), заболеваниям горла и бронхов, пневмонии, воспалению лимфоузлов. Среди возможных осложнений – слепота и энцефалит.

**Вакцинация**

В случае с корью мы имеем яркое подтверждение известного положения, что заболевание лучше предотвратить, чем лечить. Именно поэтому вакцинация против кори включена в Национальный и региональный календари профилактических прививок. Вакцинация против кори производится в возрасте 12 месяцев. Иммунитет, полученный в результате вакцинации, с течением времени теряется. Поэтому в возрасте 6 лет необходима ревакцинация. Первичная и повторная иммунизация против кори допускается в возрасте до 35 лет.

Попадает вирус на слизистые верхних дыхательных путей и конъюнктиву глаза. Далее он проникает в подслизистую и регионарные лимфатические узлы. Там и происходит его фиксация и размножение вируса. Где-то с третьего дня возбудитель проникает в кровь (виремия). Если в это время использовать иммуноглобулин, то вирус можно нейтрализовать, потому что в крови имеется еще небольшое количество вируса. С кровью возбудитель попадает в селезенку, печень, костный мозг, лимфатические узлы, инфицирует клетки крови (мононуклеары и лимфоциты). С седьмого дня возникает повторная виремия, которая приводит к фиксации вируса в эпителиальных клетках кожи (в следствии чего возникает сыпь), дыхательных путей, кишечника, конъюнктивы глаза.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

Армия

# БахІарчиял васал куцаялъе



Гьабсаг1аталда унеб буго 2025 соналъул ихдалилаб хъулухъ гьабизе гІолохъаби ахІиялъул кампания, армиялъул рагъулал къуватал цІезарулел руго цІиял призывниказдалъун.

Районалъул гьединаб комиссиялъул председатель ккола районалъул бет1ерасул х1инкъи гьеч1олъи бук1инабиялъул рахъалъ зам. М. Х1амзатов, рагъулав комиссар М.Гъапуров. Комиссиялда гьоркьоре уна ОМВДялъул вакил М. ГІабдурахІманов, УЗНалъул вакил Р. МухІамадгІалиев комиссиялъул секретарь ккола Г1.ГІабдулаева, комиссиялъул медсестра У. ИбрагьиммухІамадова.

Ихдалилаб призывалъул заман буго гьаб соналъул апрелалдаса-июль моцІалде щвезегІан. Гьеб заманалда жаниб тІаса рищизе руго армиялде ритІулел. Гьезда гьоркьоре уна І8 сон барал бихьинал-гІолилал.

Призывалъул комиссиялъ кІвар буссинабулеб буго гІолилазул лъаялъул даражаялде, разилъиялда рекъон гІолилал ритІизе руго рагъулаб лъай борхизабизеги.

ЦІали ва хъулухъ гьаби: призывалдаса хадуб цІиросарал хъулухъалде лъугьуна, гьениб гьезие щола лъикІаб рагъулаб лъай, бажари, Ват1ан цІуниялъе хІажалъулеб хІадурлъиги.

Гьединаб кампаниялъул кІудияб кІвар буго жакъа къоялда улка цІунулел къвакІарал солдатал гІезариялъе.

## ГІакъилал жугьаби

БахІарчиясул васал къадарал лъугьин щакаб,
Щибго намус гьечІесул, вас сахав вукІунаро.
* * *
Сахав чи гІалхуда чІа, гІадамазда вихьула,
ГІадаллъи жиндилъ бугев, цеве чІа-вихьуларо.
ГІалимчи гьаб халкъалъе, хвел гьечІев инсан вуго,
Хабалъ мусру баниги, месед вукІанин толев.
* * *
Нилъерго хІурмат ккурав, воре дуца какуге,
Кина-кинав чиясда, рекІел рагІи бицунге.
* * *
ВацІцІадав, цІар тІокІавги цІадав лъун вухІуларев,
ХІалихьатав, хъубав чи чурун вацІалъуларев.
* * *
Мун вокьарав гьудул гьаве цІакъ гІагар,
Вокьуларев рокьукъ, къол нухалъ рикІкІад.
* * *
Холеб рагІул бетІергьан, гьудуллъунги гьавуге,
ГьечІони рес гьабулев, гьудул рехунги тоге.

*Дуе, чІужугІадан*

## *ЖахІда: дуда гІадан лъалищ?*

Мунго лъидехуниги жахІда ккун лъугьани,киданиги лъугьунге гьеб жаниб гьанкъизабизе, гьелъ рачине бегьула мунго унтиялде. ГІадатто дуего мукІурлъе дурго гьаялда хурхун...

Лъалел-хъвалездасан, гьудулзабаздасан гІемер рагІизе бегьула «Дир дудехун лъикІаб рахъалъ жахІда ккола» -абун. Амма рес бугищ «лъикІаб рахъалъ» чиясдехун жахІда ккезе?

БитІухъе бицани, жахІда ккола чиясул ракІ унти, ай рекІеде тІадецуй ккей. Унго-унголъунги гІадан вохизе вугищ чиясул рекІелъ тІадецураб жахІдаялъул унти бугони?

ЖахІдачиясул руго цойги гьадинал рагІаби: «Дун дудехун хъахІаб жахІдаялъ жахІда кьун вуго,-абураб. Гьединаб рагІулъги буго жиндиего хасиятаб подтекст; кІалалъ хъахІабин» абуниги чІегІераб» гьечІодайха гьеб? Гьедин бугони, ракІалда чІезабе жахІдачиясде данде дуего хасиятаб цІуни ва бичІчІа дуе лъикІлъи ккани, гьев вохулев гьечІолъи...

Кин бугониги дурго чиясдехун жахІда кколеб бугони, кинго жаниб гьанкъизабуге гьеб асар. Лъан букІа лъикІаб гьечІеб асаралъ чорхолъе унти ккезе бегьулебги. ГІицІго нужеда бичІчІа нужерго чорхолъ бугеб гьая, хІалтІизабе гьелъие, чІегІераб жахІдаялда данде бахъараб, гьеб лъикІалде сверизабулеб программа. Гьеб буго цІакъго гІадатияб. Масала, лъикІаблъун буго жахІдачиясулгун цІодораб бухьен ккезе: бичІчІизе тІалаб гьабе ракІ-ракІалъ дудаго гьесул ахІвал-хІал. КІочонге жахІда бугев чиясул цІикІкІараб энергия букІин. РакІ-ракІалъ кІалъалаго чІегІераб жахІда гІодобе ккезеги рес буго.

Щиб гьабилеб дудехунго чиясул жахІда бугони? Кинаб рахъалъ босаниги цІодорлъи гьабе, бицунге дурго гІумроялъул захІмалъабазул-гьелъ дагьабги гьалаг гьабизе буго жахІдачиясул цІа. ЦІодораб лъикІаб гьоркьоблъи-



ялъ дагьабго гІодобе бачІине бегьула данде вугесул жахІда. ЦІуне дурго гІаданлъиялъулаб рахъ ва хІалбихье жахІдачиясул интересалда мунго гъорлъе ккезе. Гьеб асар бараб буго хІалагъунеб унтиялда, гьелдаса щивниги хвасарлъунги гьечІо. Дуцаго адаб гьабе цогидазул захІмалъабазул, амма бицунге дурго жанисел гІунгутІаби, рукъалъул бугеб ахІвал-хІалалъул. ЖахІдаясул ракІ гьалаг гьабула талихІав чи вихьани.

**Психологиялъул материаламдасан хІадурана**
**С. КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА**

## *Пайдаял малъиял*

* ЦІам цІикІкІун хІатІазул угъдул унтизе байбихьани, цІинидул кьалбазул бахъараб лъим гьекъе щибаб нухалъ кваналалде цебе, цо-цо гъуд цІун.

* Макьуги щоларого, бетІер унтани,капустаялъул кІудияб кесек кванай.

* Седалишнияб нервалъул унтиялъ гІазаб кьуни, бухІизабураб кирпич лъе гьелда тІад.

* Щибаб квандаса хадуб хІанил кесек хІанчІани, хІапароялъ кванан дур гІус кидаго унтуларо.

* Бавасур, ай гемарой унтун би чвахуларо, ламадуралъул хоро гьалун чай гьекъани.

* Спирталъулъ ва гьацІулъ жубараб прополис бищунго пайдаяб дару буго ангинаялъе.

* Заз къараб килищ нартилгьи ччун тани, гьеб къватІибе бахъизе бигьалъула.

* БухІараб бакІалда чІвай гІисин гьабун ламадур гъарцІиги касторалъул нахги жубан.

* Ниха рахьдалъ гьализабун гьекъолеб бугони, астмаялъ унтарасе хІухьел цІазе бигьалъула.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 10. 04. 25 г.
16. 00
фактически -17. 40 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.